

## **MODÈL FÒM NAN**

### **Notifikasyon Alekri Konsènan Itilizasyon Avantaj oswa Asirans Piblik pou Peye pou Sèten Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Asosye ak li yo.**

**Nou te itilize modèl Fòm Notifikasyon Depatman Edikasyon an pou kreye fòm sa a<sup>1</sup>.**

#### **ENTWODIKSYON**

Rezon nou ba ou notifikasyon sa a se pou ba ou enfòmasyon konsènan dwa ak pwoteksyon ou genyen selon Lwa Konsènan Edikasyon Moun ki gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) federal la, pou w ka pran yon desizyon enfòmè pou si ou dwe bay konsantman alekri ou pou kite Distri lekòl/Konte ou a pou itilize avantaj oswa asirans piblik ou pou peye pou sèvis edikasyon espesyal oswa sèvis ki asosye ak yo, Distri lekòl ou dwe bay gratis pou ou ak pitit ou a sou IDEA.

Distri lekòl ou a (oswa, pou timoun nan lekòl prematènèl, Konte a) ka itilize finansman yon pwogram avantaj oswa asirans piblik pou ede peye pou sèvis edikasyon espesyal oswa sèvis ki asosye ak li yo, men sèlman si ou chwazi pou bay konsantman ou, jan nou eksplike anba a.

Avan pou Distri lekòl oswa Konte ou ka mande pou ou bay konsantman pou tcheke ak Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) pou konnen si pitit ou gen avantaj oswa asirans piblik (pa egzanp, pwoteksyon Medicaid ak/oswa yon Nimewo Idantifikasyon Kliyan (Client Identification Number, CIN)), ak pou jwenn aksè nan avantaj oswa asirans sa yo pou premye fwa, yo dwe ba ou notifikasyon sa a konsènan dwa ak pwoteksyon ou genyen sou IDEA yo. Notifikasyon sa a fèt pou ede ou konprann dwa ak pwoteksyon sa yo, tankou kalite konsantman Distri lekòl la pral mande pou w bay. Si ou pa bay konsantman ou, distri lekòl ou an ap toujou gen yon responsablite pou garanti pitit ou jwenn tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo sou IDEA gratis pou ou ak pitit ou.

#### **KONSANTMAN PARAN**

#### **34 CFR §300.154(d)(2)(iv)(A)-(B) ak 8 NYCRR §200.5(b)(8)(i)**

Avan pou Distri lekòl ou a (oswa pou elèv lekòl prematènèl yo, Konte ou) ka itilize avantaj oswa asirans piblik ou menm oswa pitit ou pou premye fwa pou peye pou sèvis edikasyon espesyal oswa sèvis ki asosye ak li yo selon sou IDEA, y ap bezwen pran yon konsantman alekri ou siyen ak date nan men ou. Distri lekòl ou an sèlman oblije jwenn konsantman ou a yon sèl fwa.

---

<sup>1</sup> Si ou a renmen wè Modèl yo Sijere pou Notifikasyon Alekri sou Dwa Parantal konplè konsènan Itilizasyon Avantaj oswa Asirans Piblik yo te devlope nan Depatman Edikasyon Etazini an, al gade nan <http://www2.ed.gov/policy/speced/guid/idea/memosdcltrs/accomodelwrittennotification-6-11-13.pdf>

Egzijans pou konsantman sa a gen de (2) pati.

1. Konsantman pou pataje dosye sou pitit ou a: Distri lekòl ou a oblije jwenn konsantman alekri ou anvan yo pataje enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye pitit ou a (tankou non pitit ou a, adrès li, nimewo sekirite sosyal li, Pwogram Edikasyon Espesyalize li (individualized education program, IEP), ak rezilta evalyasyon li yo) nan dosye akademik pitit ou a. Lè yo mande ou konsantman ou, Distri lekòl la ap (1) idantifye dosye (oswa enfòmasyon) sou pitit ou yo bezwen pataje (pa egzanp, sou sèvis yo ka bay pitit ou a); (2) di ou rezon y ap pataje dosye yo (pa egzanp, pou voye bòdwo pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo); epi (3) idantifye ajans kote Distri lekòl la ka pataje enfòmasyon yo (pa egzanp, ajans Medicaid la).
2. Konsantman pou tcheke avèk Depatman Sante Eta Nouyòk pou wè si pitit ou gen pwoteksyon CIN / asirans oswa avantaj piblik (Medicaid), epi li voye bòdwo pwogram avantaj oswa asirans piblik (Medicaid) pitit ou: Konsantman ou an dwe gen yon deklarasyon ki presize ou konprann epi ou dakò Distri lekòl oswa Konte ou a (pou lekòl prematènèl) ka itilize avantaj oswa asirans piblik pitit ou a (tankou Medicaid) pou peye pou kèk nan sèvis edikasyon espesyal pitit ou a.

Ou gen dwa pou anile konsantman w lan nenpòt ki lè. Si ou anile konsantman ou a, Distri lekòl la dwe kontinye bay pitit ou a tout sèvis edikasyon espesyal ki nan IEP lia ak sèvis ki asosye ak li yo gratis. Pou anile konsantman ou, ou pral bezwen soumèt demann ou a alekri bay Distri lekòl pitit ou a.

### **DISPOZISYON POU 0 DEPANS**

#### **34 CFR §300.154 (d) (2) (i) - (iii) ak 8 NYCRR §200.5 (b) (8) (ii) (b) - (d)**

Pwoteksyon "0 depans" IDEA konsènan itilizasyon avantaj oswa asirans piblik la se:

1. Distri lekòl ou an pa ka mande ou pou enskri nan yon pwogram avantaj oswa asirans piblik pou pitit ou a ka resevwa yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye.
2. Distri lekòl ou an pa gen dwa mande w pou w peye anyen ak lajan nan pòch ou, tankou peman yon dediktib oswa yon ko-peman pou deklare yon reklamasyon pou sèvis Distri lekòl ou a oblije bay pitit ou a gratis.
3. Distri lekòl ou an pa kapab itilize avantaj oswa asirans piblik pa w oswa pitit ou si sa t ap:
  - a. diminye pwoteksyon pou tout lavi ou oswa nenpòt lòt avantaj asirans ou ki disponib, tankou yon bès nan kantite sesyon terapi fizik plan ou a ki disponib pou pitit ou a oswa yon bès nan kantite sesyon yo pèmèt nan plan ou an pou sèvis sante mantal;
  - b. lakòz ou peye pou sèvis ki ta dwe garanti ak avantaj piblik ou oswa pwogram asirans paske pitit ou an bezwen sèvis sa yo andeyò lè pitit ou a nan lekòl la;
  - c. ogmante prim ou oswa fè yo anile avantaj oswa asirans piblik ou; oswa
  - d. mete ou nan risk pou pèdi kalifikasyon pitit ou pou egzanpsyon nan kay oswa kominote selon depans sante total ou

Nou swete enfòmasyon sa yo pral ede ou pran yon desizyon enfòmè lè w ap decide si Distri lekòl oswa Konte ou a, lè y ap bay edikasyon espesyal pou lekòl prematènèl, pou itilize avantaj oswa asirans piblik pa ou oswa pitit ou a pou peye pou sèvis edikasyon espesyal oswa sèvis ki asosye ak li yo so IDEA.

Enfòmasyon pou kontakte: Pou jwenn plis enfòmasyon ak gid sou egzijans ski kontwole fason moun itilize avantaj oswa asirans piblik pou peye sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo, al gade nan <http://www2.ed.gov/policy/speced/reg/idea/part-b/part-b-parental-consent.html>.